



Building Bridges for today's students to cross into tomorrow's world with equity, innovation and optimism

Administration Building • 13A Dickinson Avenue • Nyack, NY 10960 • (845)353-7000
Phone: (845) 353-7015 • Fax: (845) 353-0508 • Email: jmontesano@nyackschools.org

James J. Montesano, Ed.D.
Superintendent of Schools

1^e avril 2020

Chè Paran ak Titè Legal:

Mwen konnen dènye semèn yo te difisil pou tout manm nan kominote nou an, espesyalman pou timoun nou yo. Retire timoun yo nan woutin abityèl yo, bay enstriksyon a distans, an menm tan limite anviwo-nman sosyal yo gen yon enpak sou elèv yo, e nou menm kòm edikatè nou rekonèt sa. Sepandan, sa a se yon sakrifis yo te mande pou nou fè nan efò gouvènman an ap fè pou reponn a pandemi COVID-19 nan e pou plati koub kontaminasyon viris terib sa a.

Jou 27 mas 2020 an, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.11, ki pwolonje fèmte lekòl yo jiska 15 avril 2020. Nan Dekrè Egzekitif sa a, Gouvènè Cuomo te fè konnen klèman li vle lekòl yo itilize tout jou vakans ki te pwograme yo kòm jou enstriksyon. Adjwen Sekretè Edikasyon an klarifye pou lidè edikasyon yo samdi, 28 mas 2020 an, tout jou vakans prentan k ap vini yo konte nan jou enstriksyon sa yo.

An konsekans, elèv yo ap kontinye travay adistans ak pwofesè yo pandan semèn 9 rive 17 avril la. Anplis de sa, pou moun ki ap resevwa manje nan Distri a, distribisyon manje yo ap kontinye pandan semèn sa a tou.

Nan non Komisyon Konsèy Edikasyon an ak Distri a, mwen vle eksprime rekonesans sensè nou a anplwaye nou yo pou tout sa yo deja fè e sa yo ap kontinye fè pandan n ap fè fas a moman difisil yo ansanm. Nou remèsye ankò tout paran ak titè legal yo ki konprann e sipòte Distri a. Mwen sèten nou ap simonte pwoblèm sa a ansanm e mwen pa ka tann pou mwen wè elèv yo tounen lekòl ankò.

Sensèman,

James J. Montesano, Ed.D.
Sipèntendan Lekòl yo

JJM:ld